




IVYIZIGIRO

mu bihe bigoye

Bya JOYCE MEYER



IVYIZIGIRO mu bihe bigoye

JOYCE
MEYER



JOYCE MEYER
MINISTRIES

P.O. Box 5, Cape Town 8000

Unless otherwise indicated, all Scripture quotations are taken from
THE AMPLIFIED BIBLE: Old Testament.

Copyright © 1962, 1964 by Zondervan Publishing House
(used by permission); THE KING JAMES VERSION; and from
THE AMPLIFIED NEW TESTAMENT

Copyright © 1958 by the Lockman Foundation
(used by permission).

Copyright © 2014 by Joyce Meyer Ministries – South Africa

All rights reserved. No part of this publication may be
reproduced, distributed, or transmitted in any form or by any means,
or stored in a database or retrieval system, without the prior written
permission of Joyce Meyer Ministries – South Africa.

Joyce Meyer Ministries – South Africa
PO Box 5, Cape Town, 8000

Phone: +27 (0) 21 701 1056
Website: www.joycemeyer.org

Go to tv.joycemeyer.org to watch Joyce's messages in a
variety of languages

Hope For Difficult Times – Kirundi
Not For Resale

IBIRIMWO

<i>Intangamarara</i>	5
1. Baho Wuzuye Ivyizigiro	9
2. Wokora Iki Wisanze Mu Mbobane?	15
3. Guhitamwo Inyifato Yuzuye Ivyizigiro	21
4. Kwizigira Imana No Mu Bihuhusi	25
5. Ihindura Vyose Ikabigira Bishasha	31
6. Uko Worangamiza Hejuru Iyo Ucitse Intege	37
Indunduro: Woba Uriko Uraca Mu Bihe Bigoye?	43
Isengesho Ryo Kwakira Agakiza	46
Joyce Meyer Ministries	47

INTANGAMARARA

Mfise umunezero udasanze ko wahisemwo gusoma iki gitabu. Birashoboka yuko woba uriko uca mu bihe vy'umubabaro, canke ukaba uri ahantu warengewe n'ibihe uriko uracamwo. Sinzi neza ivyo uriko uracamwo, ariko ico ntakekeranya ni kimwe:

Nturi wenyene - Imana iragukunda, kandi natweturagukunda.

Nifuje kwandika iki gitabu ngo ndagutere intege nongere ngusubizemwo ivyizigiro mu mutima wawe. Ndashaka ko umenya yuko n'ubu nyene, hagati mu vyo uriko uracamwo, Imana iri kumwe nawe. Kandi kuri yo, nta na kimwe kidashoboka (soma Luka 1:37). Ifise umugambi mwiza kuri kazoza kawe kandi hariho n'ivyo iriko irakora utabona, kugirango igutabare (Yeremiya 29:11).

Kumbure washikiwe n'icago giturumbuka, ukaba utabona ingene uhagarara ushikamye kugirango ubandanye urugendo. Canke woba ufise ingwara isa n'iyaniye abaganga. Birashoboka kandi, ko woba uriko uca mu bukene bw'amafaranga buteye ubwoba ukaba utabona ingene uzoroha ivyo utegerezwa kuriha mu mpera z'ukwezi.

Iyo turiko duca mu bihe bigoye cane, igeragezwa ryambere rituzako ni iryo guheba tugata tukomoka. Ariko ikintu gihambaye dushobora gukora, ni ugushira ivyizigiro vyacu mu Mana maze tukiberaho twuzuye ivyizigiro. Ariko iyo mvuga ivyizigiro ... mu vy'ukuri ni ukuvuga iki?

Ivyizigiro ni umutima witeze ko hari ikintu ciza kigira gishike. Ivyizigiro biregeranye cane n'ukwizera kwacu hamwe n'ivyo twizera. Iyo bidukundiye kwizigira, dusanga ubuzima bwacu bwuzuye umunezero n'amahoro.

Umwansi wacu yama areretse ngo atunyage ivyizigiro. Yama ashaka kutwumvisha yuko “ataco dusigaranye” kandi yuko “atakizovamwo”. Ariko Imana ishaka yuko twuzura ivyizigiro kandi tukama tuyitezeko ibintu bihambaye. Bibiliya itubwira yuko “ari Imana yo kwizigirwa”, yuzuye ikigongwe kandi iducira izindi nzira (Abaroma 15:13).

Kubera ugufatwa ku nguvu, uguhohoterwa mu majambo no mu bigumbagumba nakwegewemwo na data nkiri umwana, uko ibihe vyagiye bikuranwa naragize muri jewe umutima wo kwihebura. Narashikiwe n’ibintu bibi vyinshi ku buryo nari maze kwibwira mu mutima yuko ivyanje vyose bizogenda nabi, mbere n’igihe nari maze guhinduka umukristo.

Yamara, nobabwiza ukuri kwose yuko Imana yampinduye. Nari umuntu mubi yama abona ibintu ko ari bibi ariko yampinduye umuntu yuzuyemwo ivyizigiro, umuntu yama yiteze ko ukugiraneza kw’Imana kumuzako. Buke-buke, Imana yaramfashije gutahura ubushobozi ivyizigiro bifise ku vyiyumviro vyanje, ku majambo yanje n’inyifato yanje, mbere no ku bindi bice vyose vy’ubuzima bwanje. Mbere n’ubu,

Iyo nciye mu bihe bigoye, canke iyo nshikiwe n’ibinaniza, ngumana ivyizigiro, kuko nzi yuko Imana ituma vyose bifataniriza hamwe kunzanira ivyiza!

Namba umaze guhura n’imibabaro, umaze guhemukirwa bikomeye, canke ukaba uriko uca mu bihe bibi bitandukanye, birashoboka ko uri ahantu udashobora kwibaza yuko umusi umwe ibintu bizohinduka. Umwansi ashaka kukwumvisha ko ata gishobora guhinduka. Ariko Imana ishaka yuko umenya ko igukunda kandi ko ukwiye kuyizigira. Irashobora gukora ibitangaza muri ivyo bidasobanutse urimwo! Igikorwa cawe ni ico kuguma uyizigiye, no kwitega yuko ukugira neza kwayo kwogushikako umwanya wose.

Iki gitabu kirimwo ivyigwa nyamukuru Imana yanyigishije muri ivyo - ivyigwa bizokomeza ukwizera kwawe vyongere bigufashe gutera intambuko ufise iyindi nyifato.

Ndakunda kuvuga yuko umuntu ahisemwo kwamana ivyizigiro - yama yizigiye ico ijambo ry'Imana rivuga agahakana kubivamwo - uwo muntu yamana intsinzi. No hagati mu bihuhusi, irashobora kukwuzuzwa amahoro n'umunezero kandi igatuma vyose bikoraniriza hamwe kukuzanira ivyiza, igihe cose ivyizigiro vyawe ubishize muri yo.

Sinshobora kumenya ivyo wacyemwo canke kumbure ivyo uriko uracamwo ubu. Ariko ico nzi ni uko Imana igukunda cane, ko iguhozako ijisho, kandi yuko izogutabara (Abaroma 8:38-39; Zaburi 33:18).

Ni Imana yo kwizigirwa muri vyose, kandi ni iyishobora guhindura n'ivyo bihe bigoye cane uriko uracamwo bikavamwo ikintu kidasanzwe.

- IGICE CA 1 -

Baho Wuzuye Ivyizigiro

Rimwe na rimwe ndakunda kuvuga yuko turi urunganwe “rw’abatizera”. Imisi yose dushaka kubonesha amaso imbere yo kwizera. Benshi muri twebwe biratugora cane kwizera yuko hari ico Imana iriko irakora tutarabibonesha amaso yacu.

Yamara uko siko Imana yacu ikora - ikorera aho tutabona. Naho ataco ubona, niwizere yuko Imana, uwo mwanya nyene, hariho ivyo iriko irakorera aho utabona mu buzima bwawe. Ubwo urizera yuko ifitiye umugambi abana bawe, ubukwe bwawe, canke birya bintu umaze imyaka n’iyindi uriko urasengera?

Yeremiya 29:11 hatubwira ko Imana ifitiye imigambi myiza ubuzima bwawe ... kugirango iguhe ivyizigiro vyo mw’iherezo ryawe. Mu yandi majambo, Imana irondera akaryo ngo ikwereke ukugira neza kwayo!

Kumbure woba udashobora kwiyumva nk’umuntu yobaho ameze neza, yuzuye ukwizera n’ivyizigiro. Namba bimeze ukwo, ndazi neza uko wiyumva! Abantu bamwe-bamwe baratinya kwizigira bitewe n’uko bamaze gushikirwa no guhemukirwa incuro nyinshi bakaba batiteguriye kwihanganira bene ubwo bubabare.

Inkuru nziza ni iyi: Imana yacu “ni Imana yo kwizigirwa”, yuzuye ikigongwe kandi yama ifise izindi nzira (Abaroma 15:13). Kandi kuri yo, ntihigera harengerana gutangura kuyizigira, shirako uyizigire, maze witege ibidasanzwe.

NIWITEGE IVYZA ...

Insiguro y’ijambo ivyizigiro, ni: “ukwitegana ubushizi bw’amanga

ibintu vyiza.”

Niyumvira yuko kenshi tugira umutima w’ubunebwe, udutera kwibwira tuti “reka turindire turabe iyo bija”, tuti kumbure hari ikintu ciza kizovamwo. Ariko Imana ishaka yuko turindira kandi dufise intumbero! Yipfuzako ahubwo mu kwitega ikintu ciza tuba turagira imyiteguro mu kwitega ko gishika.

Reka rero ndakubaze iki kibazo: *ni ibiki witeze?*

Ni ibiki biriko biraba mu mutwe wawe, no mu vyiyumviro vyawe? Ni iyihe mvugo ukoresha mu kuvuga ivya kazoza kawe? Iyo uvyutse mu gatondo, woba uvyukana ibi vyiyumviro uti: “*Nta kundi, reka ngerageze ndengane n’uwu musu nawo*”. Canke uvyukana ivyizigiro yuko uwu musu nyene ushobora kuba umusi ibintu bihinduka?

Iyo umukenyezi yibungenze, tuvuga tuti “ariteze”. Hanyuma uko imbanyi yiwe ikura, ni ko ivyizigiro vyawe bikura, ko icyo yiteze kigire gishike.

Jewe imbanyi nibungenze zabaye zitandukanye n’iz’abandi kuko abana banje bose uko ari bane nararengejeko imisi ishika ukwezi ku gihe gisanzwe kizwi co kwibarukirako. Umuganga wanje yambwiye icyo gihe ko ndi umukenyezi wambere amaze kubona atwara inda “nk’iz’inzovu!”

Mu misi yanyuma y’imbanyi yose, navyuka mu gitondo nibwira nti: “Uyu musu ni wa musu niteze – ese woba wa musu udasanze niteze!” amasakoshi yanje yama atekeye. Nama niyubara yuko vyose bipanze neza, naguma nsuzuma, ngasubiramwo nkasuzuma, mfise ivyizigiro yuko umwana wanje umwanya n’umwanya yoza. Numvise n’agakaciye mu nda, niyumvira nti: “*Harageze! Araje!*”

Ukwo nyene ni ko Imana ishaka ko mubana na yo! Igufitiye

umugambi udasanzwe ku buzima bwawe, ishaka yuko wama witeze ko ivyiza bikuzako umwanya wose!

Ivyizigiro bivuga biti: “Kumbure haheze igihe kinini ibintu bimeze uku nyene bimeze, ariko Imana ni Imana y’ibidashoboka, ibintu birashobora guhinduka.”

Woba uri imbohe y’ivyizigiro?

Nk’uko nari nabivuze, hariho igihe mu buzima bwanje nari umuntu abaho atitega ivyiza mu buzima bwiwe. Nama mbona agaháze mu buzima bwanje, nkaca ubwo nyene mbona ingaruka mbi ku bihe ndimwo.

Iyo nyifato yatumye mpinduka umuntu yamana amagorwa. Ugukekeranya kugiyeko ukubona ibintu bibi, bitumanura hasi ... ariko ivyizigiro bizana umunezero!

Ukugira ivyizigiro bisigura ukugira muri wewe umutima hamwe n’inyifato vyo kwitega ivyiza. Umuntu yuzuye ivyizigiro yamirira kure kuvuga yuko atākigēnda. Uwo muntu, nk’abandi bose, ategerezwa kwakira no gutorera inyishu ibihuhusi vy’ubuzima - ariko akagumana ivyizigiro mu vyiyumviro vyawe, mu nyifato zawe, no mu vyo avuga.

Umuntu arashobora gushaka kurindira ko atangura kwumva ivyizigiro no kubona ibintu mu nzira nziza vyizana ukavyiyumvamwo - mberé nyumvira ko kenshi tugwa muri uwo mutego. Yamara ivyizigiro, si ikintu umuntu abamwo kubera ico yiyumvisemwo ... si ko biri! Ahubwo, ni ugufata ingingo yo kwitega ivyiza naho ataco ufatiyeko. Iyo duteye intambuko tukigira inama yo kugira ivyiyumviro vyiza birimwo ivyizigiro, ibigumbagumba n’uko twiyumva birahava bigakurikira!

Ndakunda cane amajambo yo muri Zekariya 9:12. Uhoraho avuga ati: *“Nimuhindukirire igihome gikomeye mwa mbohe ziri n’ivyizigiro; no kuri uwu musu ndababwira ukuri yuko*

nzobashumbusha incuro kabiri."

Bisigura iki kuba "imbohe y'ivyizigiro"? Niyumvira yuko bisigura ko ivyo twocamwo vyose, dushobora kugumana ivyizigiro ku Mana.

Iyo duhindutse imbohe y'ivyizigiro, umwansi ntamenya ico gukora. N'iyu aduteye n'ivyiyumviro vyo kunanirwa, nta nkomezi aronka zo kutugirira nabi igihe cose duhisemwo kuguma dushira ivyizigiro vyacu vyose ku Mana...

Ntaco bitwaye ibikomere vyose wagize mu vyiyumviro vyawe, ntaco bitwaye ivyo ushobora kuba waratakaje, Imana igomba kuguhezagira no kubigusubiza incuro zibiri (soma Yesaya 61:7). Ariko kandi turategerezwa gukora uruhara rwacu: kwizera, kwizigira hamwe no kwitega.

HARAGEZE GUTERERA INANGA

Abaheburayo 6:19 havuga hati: *"(Ubu) ivyo vyizigiro tubifise nk'ikizirika umutima kigumye, gikomeye... [Ntibishobora gutembagara canke gufyonyokera munsu y'ibirenge vy'uwukandamiza] ..."* (Uyu murongo washizwe mu Kirundi ukuwe muri Bibiliya y'Icongerezwa yitwa "The Amplified Bible".

Uyu murongo tuwujishure. Twese turazi ico ari co inanga ifata ubwato. Iyo abarovyi bashatse yuko ubwato buguma mu kibanza kimwe, ntibuje kure, baca baterera inanga.

Uyu murongo uvuga yuko ivyizigiro ari "ikizirika umutima". Umutima wacu, ni yo mpwemu yacu, ugushaka kwacu hamwe N'ibigumbagumba vyacu. Umushaha wacu uratubwira ivyo twiyumvira, ivyo dushaka hamwe n'ivyo twiyumvamwo.

Mbega ivyo bisigura iki? Ibi bisigura yuko, n'igihe tugeze ahantu tutabona imbere n'inyuma, ata na kimwe gitahuritse, tukabambere

tugeze ahantu tubona umengo n'ivyo Imana yadusezeraniye vyose ntibizoshika ... ivyizigiro ni inanga idukwegaga ikatugumya ikatubwira iti: "Hagarara ushikamyem! Bigire bigende neza!"

Reka twunguruze imbere. Abaheburayo 6:19 hatubwira yuko *"ivyizigiro ari vyo nanga yacu itanyiganyiga, idashobora gutembagara canke gufyonnyokera munsu y'ibirenge vy'uwukandamiza"*.

Ivyizigiro rero ni inanga idusunikira "gutera intambuko". Rimwe na rimwe turibuza amasezerano hamwe n'ubushobozi bw'Imana ko bidushikako bitewe n'uko twananiwe kugira intambuko yo kwizera. Kandi vy'ukuri, kenshi iyo ntambuko ni yo yugururira amasezerano y'Imana mu buzima bwacu!

Reka ndabahe akarorero. Maze imyaka irenga 40 ngendagenda mu bibanza bitandukanye vyo mw'isi nigisha ijambo ry'Imana. Ariko rero, rimwe na rimwe, nk'akarorero imbere yo kwigisha mu gikorane, hari aho binshikira nkumva amavuta y'Imana atari kuri jewe, canke mbere nkumva ntabereye canke ntiteguye neza.

Bene iyo misi, imbere yo kuduga kuri arutari, mvuga gutya: *"Mwami Yesu, nizigiye yuko ugiye kwiyerekana kuko bitabaye ukwo twoba mu ruhagarara!"* ngaca nja imbere, ngakora uko nshoboye. Nama mbona igihe cose Imana intabara. Iranshoboza gushikiriza ubutumwa yashize ku mutima wanjye. Ntirigera indeka jenyene, nta na rimwe!

Imana irindiriye wewe: irindiriye yuko ugira intambuko yo kwizera. Ishaka gusa ko ukora uruhara rwawe, kugirango iseruke maze igutabare mu buryo urengerwa.

Ntiwemerere ivyo uriko uracamwo ko bikubuza kubandanya. Zirika inanga yawe hanyuma utere intambuko yo kwizera mu guhagarara kuri iryo tanguriro rikomeye ari ryo ritwa ivyizigiro. Niwashira ivyizigiro vyawe mu Mana, *ntuzokwigera umaramara*.

- IGICE CA 2 -

Wokora Iki Wisanze Mu Mbobane?

Woba umaze gushika ahantu... mu mbobane? Aho mu buzima bwawe wisanga ahantu umenga inzira ntibandanya, ahantu waherewe utabona ico wokora?

Nibaza yuko ico gihe gishikira abantu bose mu buryo bumwe canke ubundi, kandi ivyo nanje vyaranshikiye kenshi. Ariko uko imyaka yagiye ikurikirana, Imana yaranyigishije ko n'iyi turi mu mbobane, yoyo, yama izi uko ibigenza!

Dutangure twihweza inkuru ya Yosefu mu gitabu c'Itanguriro (Itanguriro 37-50). Bibiliya itubwira yuko se yamukunda cane mu bahungu biwe 12, bituma bene se bamugirira ishari.

Umusi umwe, Yosefu yarose inzizi aca yigira inama yo kuzirotorera bene se. Muri izo nzizi, yabonye bene se bose bamupfukamira. Sinorinda kubabwira yuko ico kiganiro kitagenze neza cane!

Bene se baca barakorana bigira inama yo kumwíkiza. Ubwambere bamutaye mu kinogo, ngo azopfireyo. Ariko bamaze kwiyumvira neza, bafata ingingo yo kumugurisha ku Barabu bariko bararengana. Maze mu kubiheraheza bagira, umugambi wo guhenda se yuko Yosefu yagize isanganya agahwera!

Kumbure iyo nkuru woba uyizi, ariko iyo nkuru ihera habaye intsinzi. Yosefu yahindutse umugabo ahambaye cane muri Egiputa, ni we yagira kabiri kuri Farawo, hanyuma arahava arabonana n'umuryango wiwe, kandi arabababarira ivyo bamucumuyeko vyose.

Inkuru ya Yosefu irerekana yuko hakiriho ivyizigiro ivyo woba

uriko uracamwo vyose. Imigambi Imana igufitiye iracashoboka, kuko, ku Mana vyose birashoboka!

Ariko mu nkuru ya Yosefu aho dukwiye gushira umutima cane ni ivyabaye kuva bamutaye mu kinogo gushika ashitse i bwami. Ubuzima bwiwe bwagize amakorosi menshi muri ico gihe. Hanyuma, mu bigize kamere yiwe vyose, *ukwihangana kwiwe* ni kwo kwatumye ashika ku ntsinzi. Kubera ukwizera yari afise ku Mana, Yosefu ntiyigeze abivamwo!

NTUKIGERE UBIVAMWO

Natwe nyene, mu buzima bwacu, birashobora kudushikira tukagwa mu kinogo. Gishobora kuba ikinogo c'ingwara, ibibazo vy'uburyo, ingorane zerekeye imigenderanire canke ubucuti n'abandi, canke iyindi myitwarariko. Igihe cose ivyo bigushikiye, ukwiye gufata yuko, uko ibintu vyoba bimeze kwose, utazobivamwo!

Wame wibuka yuko kugirango turonke intahe nziza y'ivyo Imana yakoze, dutegerezwa kubanza guca mu bitugerageza. Mbere Yesu yavuze ati:

"Mw'isi muri n'amarushwa ariko nimuhumure, jewe naranesheje isi." (Yohana 16:33).

Guca mu bitugora, ni ngombwa. Birashoboka ko rimwe na rimwe wumva wobivamwo. Ariko niwahagarara ushikamye, ukizigira Imana, irashobora kukunagura. Irashobora gufata ivyari bibi vyose mu nzira yawe, ikabihinduramwo ivyiza (soma Abaroma 8:28).

Uku ni ko Winston Churchill yashikirije ijambo abanyeshure bariko baronka impapuro z'umutsindo kw'ishure ry'i Harrow mu mwaka wa 1941:

"Namba, Namba, Namba, Namba - Ntukabivemwo Namba! Wôba uhânganye n'ingorane zikomeye cane canke bitoya, vyoba ibiteye

ubwoba canke ibisanzwe - ntukabivemwo namba!

Sinzi vy'ukuri yuko ico ari co kintu conyene yavuze uwo musu, ariko nizera ko ivyo ari vyo Mpwemu Yera atubwira uyu musu: "Ntubivemwo! Imana irafise ibintu vyinshi ikubikiye mu buzima bwawe!"

Biroroshe cane kumanura amaboko iyo ibintu bibaye ibikomeye. Rimwe na rimwe, iyo umuntu yisanze mu mbobane atabona ico yokora ngo ahasohoke, umuntu yibwira ati icombera ciza ni uko nobivamwo. Ivyo bishikira abantu benshi.

Bishoboka ko baba biyumvira ko batari abanyabwenge cane canke batabifitiye ingabirano; canke boba barashikiwe n'ibintu bihamurana; canke bakaba barigeze kunanirwa n'ibintu mu buzima, canke kumbure boba baragize amakosa ahambaye mu buzima.

Ariko Mpwemu Yera aduha inkomezi n'ubushobozi vyo guhagarara ntubivemwo, ngo tubandanye gushika ku ntsinzi, n'aho ibintu bitoba biriko bigenda nk'uko twabitegekanije.

Gukora ibintu ukananirwa, si co kimwe no guhererwa. Ivyakunaniye muri kahise urashobora kubikuramwo icigwa! Jewe ubwanje, narabonye yuko kahise ari umwigisha mwiza! N'iyi ata kigenda ... subira ugerageze! N'igihe vyoba vyabuze, uzoba watahuye ibishoboka n'ibidashoboka, maze utangure gushasha uherye aho nyene. Intambanyi kuri wewe urashobora kuyihinduramwo akaryo ko gukura mu mpwemu no mu bwenge.

Imana irashaka yuko tubaho ubuzima bwiza, ariko kuyizigira no kwihangana ni ntabanduka. Mpwemu Yera azoturongorera "intambuko y'ukwizera ... ku yindi" ku migambi myiza Imana ifitiye umuntu wese muri twebwe. Uruhara rwacu ni urwo kugira iyo ntambuko ... kandi ntiwigere ubivamwo!

WOKORA IKI IYO WISANZE MU COBO?

Uko wifata igihe wisanze mu “cobo” na vyo nyene birashobora kugira ico bihinduye.

Gerageza wibuke ko ari igihe washizwe ku gipimo ... igihe co gukuza canke gutosora imero yawe. Rimwe na rimwe bene ivyo bihe ndavyita “*imyaka y’agacerere*” kuko ni igihe umuntu ashobora kwibaza yuko habaye ibintu bike cane mu buzima bwiwe.

Canke kumbure woba uri mu gihe kigizwe n’imibabaro hamwe no guhungabana gutandukanye, noneho ukabona ko Imana ataco iriko iragufasha ngo usohoke aho hantu.

Ni ivya nkenerwa cane yuko wizigira Imana muri ico gihe, kuko iba iriko ikorera mu mutima wawe ngo ubandanye guhinduka use na Yesu.

None, wokora iki iyo wisanze ahantu uri mu mbobane?

- *Ntubivemwo!* Gwanya igeragezwa ryo kwiyumvira ko ata buryo na bumwe busigaye bwo gusohoka aho hantu. Yesu ni inzira. Mu vy’ukuri ni igihe cawe ciza co kumwegera no kumukurikira.
- *Irinde guta ibirake ku mana canke kwiyumvira yuko ari igihano yaguhaye kubera icaha wakoze.* Ahubwo gusa yakoresheje ivyo bihe urimwo kugirango ishitse igikorwa cayo mu buzima bwawe. Kandi naho vyoba bitakumereye neza ubu, intumbero yayo izokwama ari iyo kukugirira neza.
- *Kora ivyiza n’ibibereye - naho woba umereye nabi, naho woba wumva utiyumva neza canke abandi bakaba bariko bakugirira nabi.* Girira neza abantu benshi bashoboka, kenshi gashoboka.
- *Ntiwikure mu bandi, ntiwigungagunge kandi ntiwitandu-*

kanye n'abandi! Umuntu arashobora kurondera impuhwe canke ubushobozi...ariko nta wubironderera rimwe vyompi! Kandi Imana irashobora gukoresha abandi mu kugutera intege muri ivyo bihe urimwo.

- *Ntuhemuke kw'ijambo ryawe kandi wubahirize ivyo wasezeranye.* Uri mu gihe kamere yawe iriko irahingura, kandi uriko urategurirwa gushika mu "kibanza cawe".
- *Gumana ukwizera...*umira ku vyizigiro vy'uko Imana igiye kuguhindurira ibihe!

IKUNKUMURE IBIKWANDUZA

Kumbure mwoba muzi ya nkuru y'indogoba yaguye mu kinogo.

Nyeneyo abonye ibibaye, yafashe akanya ariyumvira ico yokora, asanga ikinogo yaguyemwo ni kirekire, kandi indogoba yari ishaje. Aca afata ingingo yo kuyihamba muri ico kinogo.

Atabaza ababanyi ngo baze bamufashe. Baca bazana ibipawa batangura gusuka ivu muri ca kinogo.

Bagitanguye gusukayo ivu, indogoba itangura kwabira, kubera ubwoba. Ariko haheze akanya, nyeneyo yumva yaretse kwabira. Aca aribwira ati kumbure yamaze gupfa ... ariko indogoba ntiyari yapfuye!

Nyeneyo aravye mu kinogo, arumirwa! Asanga uko bayisutseko igipawa c'ivu, ya ndogoba ica iryikunkumura, igaca iritsindagiza ibinono vyayo ikarihagararako. Barabandanya basukayo ivu amasaha atari make barateba baruzusa ca kinogo, indogoba na yo iba ikivuyemwo gutyo! Muri iyo nkuru y'indogoba turakuramwo icigwa! Rimwe na rimwe, mu buzima bwacu duca mu bintu bitandukanye bitwanduza, haba mu migenderanire yacu, mu gukena uburyo bw'amafaranga canke amagara yacu akadukika. Muri ivyo bihe, ukwiye gufata inzira Mpwemu Yera

akurongoreyemwo. Ni we azokwerekako uko wiyambura uwo mwanda ugukorokerako. Azogushoboza guhaguruka, ku ntambuko yose aja araguha kurunguruka ibiri imbere ugiye gushikira, uko uduga uva mu kinogo werekeza ku kirimba cawe!

Hazokwama hariho imitego mu nzira. Hazokwama hariho ingorane zitwitambika imbere. Ariko kandi hama hariho akaryo ko kwivyukiranya, hama hariho ukundi wobigenza maze ukabandanya.

Nta na rimwe biba bitagikunda, kubw'ivyo, ntubivemwo! Kora uruhara rwawe hanyuma ukore ivyo ushobora gukora! Niwumire ku vyizigiro, tera intambuko uja imbere kandi wamirire kure uguta Imana. Ni iyokwizigirwa kandi izokora ivyo kubwawe ari ibidashoboka.

Niwaba uri mu mbobane ukaba utabona iyo wota umutwe, ntute ivyizigiro! *Uhagaze mu kibanza ciza aho ugira ugire iyindi ntango.*

- IGICE CA 3 -

Guhitamwo Inyifato Yuzuye Ivyizigiro

Kubera ukuntu nahohotewe nkiri muto, nama mfise ubwoba yuko hari ikintu kibi kigomba kunshikira. Kumbure nawe bene ubu bwoba woba ubumenyereye.

Mbere n'inyuma yo guhinduka umukristo, umwanya wose nāma niteze ko ibintu bihava bihinduka ukundi.

Ndibuka umusi nahavuye nihenura ndasenga hanyuma mbaza Imana nti: "Mana ni ibiki? Ni kubera iki nama niyumva gutya?"

Numvise Imana ivugana nanje mw'ijwi ryo mu mutima iti: "Ivyo ni ivyiyumviro bibi." Ayo majambo sinayatahuye, ariko haheze imisi itari mike, nayasanze mu gitabu c'Imigani 15:15, aho umwanditsi avuga ati:

Imisi y'umunyamibabaro ni mibi yose [kubera uruhagarara n'ivyiyumviro bibi], ariko uw'umutima ukeye yamana umusi mukuru [ivyo yoba arimwo vyose].

Twese turahura n'ibihe bitoroshe mu buzima bwacu. Muri ivyo bihe, gukekeranya kazoza kacu birihuta cane, tugaha ikibanza ivyiyumviro bibi hamwe n'uruhagarara. Ariko dutegerezwa gushika ahantu twiga kwemeranya n'Imana n'ijambo ryayo igihe ibibazo vyadutse.

Dushobora kwidagemya mu kwizera kwacu mu kuvuga tuti: "Ndazi ko Imana inkunda. Iranyitwararitse kandi izontabara. Mu buntu bwayo izompa inkomezi zo gukora ico nkeneye gukora, kandi niteze yuko hari iciza kizovamwo."

NTUTINYE!

Naho ibintu bitoba biriko bigenda uko tugomba, dukwiye kumenya yuko Imana itigera yipfuza kutubona tugowe canke ngo tugire umusi mubi. Yipfuza yuko twama twiteze ibintu vyiza kandi tukamana ivyizigiro, ivyo twoba turiko turacamwo vyose.

Ngaya amajambo atatu yodufasha: **Ntutinye.**

Ugutinya ni iki? Ni igihe umuntu yiteze gushikirwa n'ibintu bibi - ni igihushane co kugira ivyizigiro.

Nibaza yuko abantu benshi bamara umusi mu gutinya n'ugukekeranya, ariko ntibabimenye. Umuntu aragira uruhagarara rwo kuja ku kazi, uruhagarara rwo guhura n'imiduga myinshi mw'ibarabara uja ku kazi (embouteillage), umuntu aratinya gukora isuku, kumesura, gukata ivyatsi imbere y'inzu, gutegura ivyo kurya vy'umugoroba, n'ibindi.

Ugutinya kurashobora kutunyaga umunezero kukongera kukonona umusi wacu. Ugutinya gushobora kudukuramwo ivyizigiro.

Reka kwidodombera ibintu udashobora guhindura. Hitamwo kugumana umunezero maze ureke Imana yikore ibisigaye!

Ivyo twoba turimwo vyose, turashobora guhitamwo iyi nyifato: "nzobandanya ivyo ndiko ndakora, nibereho, ntitaye ku vyo ndiko ndacamwo. Sinari niteguriye iyo ngorane, ariko ico nzi ni uko Imana ikoresha ibintu vyose kugirango ingirire neza." sindiko mvuga yuko ibibazo biri imbere yawe bizokamangana ubwo nyene. Ariko ico ntakekeranya ni uko kwamirira kure ugutinya, bituma ubuzima bugenda neza!

NEZERERERWA IBINTU BITO BITO

Kugira ubuzima bw'intsinzi ntikuvana n'ibintu "binini" vy'ubuzima. Ahubwo, gutangurana n'ibintu bito-bitu. Imana yipfuza yuko

tugira umunezero mu mpande zose z'ubuzima bwacu, ariko kugirango ivyo bishike, dukeneye kwiga kunesha ubwoba. Guhitamwo kugira ivyizigiro no kuja mu kibanza co kunesha birashobora guhindura ibintu!

Ni koko, mu buzima hazokwama hariho ibintu bigoye kuruta ibindi canke ivyopfuma mu bindi. Ariko ivyo vyose ntibifise ubushobozi bwo kutugira abarushwa canke kwonona umusi wacu. Twebwe duhitamwo inyifato tugira.

Ntivyumvikana ingene dushobora kwiganyira inyifato yacu ubwacu ikatwononera umusi. Munyizigire, aha ndiko mvuga ivyo ntahura neza! Narí uwambere mu kwiyerekana nk'uwugowe iyo hageze ibikorwa vyo muhira.

Naguma nzunguruka mu nzu n'imyidodombo: "Ehe raba nk'ubu. Bose biteze ko vyose ari jewe ndabikora. Dave agiye gukina golf none abana basanzaje ibintu hose. Ntárikó ndabagaburira, mba ndiko ndabogereza ivyo bafunguriyeko canke ndiko ndabamesurira. Ariko jeho ... ni nde anyitwararika?"

Ukuri ni uko ata n'umwe yaba ariko arampatira gukora ivyo bikorwa vyo mu rugo. Nahitamwo kubikora kuko nkunda umuryango wanje! Yamara namana umutima mubi ku buryo ntigera ngira umunezero ndi muri ivyo bikorwa!

Hari ico bikubwiye? Kumbure wewe ibibazo urimwo ntivyerekeye ibikorwa vyo mu rugo, ariko mu buryo bumwe canke ubundi, twama dushaka ko abandi batugirira impuhwe.

Yamara, n'iyi ibintu bitari vyiza bidushikiye, turashobora guhitamwo kuvyifatamwo neza! Kandi iyo tubikoze, tuba dufatanije n'Imana, kuko Imana itigera ihengamira ku bibi.

SHIRA UMUTIMA KU VYIZA

Nama ntera intege abantu gukina urukino nita "urukino

rw'umunezero". Urwo rukino rumeze gute? Ehe ni uku, iyo ushikiwe n'ibintu bitameze neza, hitamwo gushira amaso ku kintu ciza gishobora kuva muri ivyo nyene!

Nk'akarorero, wisanze hagati mu miduga ibarabara ritariko rirahita (embouteillage), ibwire uti: "biragaragara yuko tutariko tugenda ku mwanya twategerezwa kugendako, kandi kubw'ivyo ndacerwa iyo ngiye, ariko kumbure Imana yashatse kundinda isanganya ryari kunshikira iyo nari kuba ndiko ngenda cane!"

Ibi birakora mu bintu vyose bidushikira, biba bitoya canke binini. Naho coba ikintu gihambaye cane nko kuvanwa mu kazi, urashobora guhitamwo kuvyakira neza ukavuga uti: "Ni vyo. Ndabona akazi kahagaze, ariko ndonse akaryo ko kuzubona Imana impa akandi kazi keza gusumba ako nahorana!"

Bibiliya ivuga iti: *Ni kubw'ivyo Uhoraho arindiriye kugirango abagirire ubuntu, kandi ni kubw'ivyo Uhoraho azohaguruka kugirango abagirire ikigongwe, kuko Uhoraho ari Imana ica izibereye; harahiriwe abamwizigiye bamwiteze bose.* (Yesaya 18:30).

Nta co bitwaye ivyo woba ugezemwo mu buzima bwawe, Imana irafise umugambi wo kuhakurenganya - integuro yayo yuzuye ivyizigiro n'ibintu vyiza. Ndaguteye intege ngo wifatanye na yo.

Umusi wose wame uwutangurana ivyiyumviro vyiza kandi birimwo ivyizigiro, wongere uhitamwo kwamirira kure ugutinya. Niwakora ivyo, ndizigiye yuko uzotangura kunezerwa mu mpande zose z'ubuzima bwawe.

- IGICE CA 4 -

Kwizigira Imana No Mu Bihuhusi

Uko imyaka ihera, naratahuye itandukaniro riri hagati yo kwizigira Imana ku kintu ugomba yuko igukorera—ikintu canke mbere umuntu ushaka yuko gihinduka canke ahinduka mu buzima bwawe - hamwe no kuyizigira mu vyo uriko uracamwo.

Muri Yesaya 43:2-3, harandemesha cane. Havuga hati: “...*niwaca mu mazi nzoba ndi kumwe nawe, no mu nzuzi ntizizokurengera; niwaca mu muriro ntuzosha kandi n’urubeya ntiruzoguturira...*”

Iyo uriko uraca mu bihe bigoye, birakenewe cane ko wibuka ko Imana iri kumwe nawe. Urashobora kuyizigira ngo igufashe kuharengana.

Nk’akarorero, birashobora kutoroha kugumana ukwizera mu gihe ivyo urimwo bidatahuritse canke igihe ubona ubuzima butariko bugenda uko wari uvyiteze. Ibi biragoye na cane cane iyo muri wewe wumva uriko urakora ivyo bakwitezeko, ariko ntubone inyungu wategerezwa kubona.

Ahandi na ho: ukabona umuntu anyuraniye no gukora ivyiza no kugendera mu kuri, ariko wêwé akaguma atera imbere kukurusha! Hariho ibihe mu buzima bwacu aho usanga ibintu vyose bicumbagira canke ukamenga birazazanye; bene ivyo bihe, inyishu imwe nziza yavyo ni ukwizigira Imana, ukongera ukayizigira.

Ubuzima kandi bwaranyigishije yuko Imana ikoresha bene ivyo bihe bidushikira kubw’ineza yacu. Iyo ibintu bisa n’ibitameze neza, izobikoresha kugirango bidufashe kuyegera no kwumira ku rutare rw’agakiza kacu - Yesu kristo - rudashobora kunyiganyiga! (Zaburi 62:2, 6).

"GUKURIRA" MU BIHE BIGOYE

Bisa n'ibidatahuritse, ariko narashitse ahantu niyumvira yuko ibihe bigoye hamwe n'ibitugeza bishobora kuba bamwe mu bagenzi bacu beza. Kubera iki ndabivuga uko? Kuko Umwami wacu Yesu abikoresha mu kutwigisha, mu kudutunganya no mu kudukuza.

Yakobo 1:2-3 hatubwira hati: *"Mwiyumvire yuko ari ivyo kunezererwa rwose, bene Data, nimwagwa mu bibagerageza bitandukanye, mumenye yuko ibigeza ukwizera kwanyu bitera ukwihangana. Ariko ukwihangana gukwiye guhingura igikorwa cakwo ngo mubone gutungana rwose muhinguwe; mudahajije na kimwe."*

Ibitugerageza hamwe n'ibitubabaza ntibiva ku Mana, ariko irabikoresha mu kudukomeza no mu kudufasha kubaho ubuzima bw'amahoro, butekanye kandi twagukiwe.

Ibihe bigoye ducamwo mu buzima bwacu bituzana kuba abantu dushaka kuba. Iyo dushitse mu bintu biturengeye, bidutera kuyisunga, tukamenya ko tudashobora gutora inyishu zose z'ibibazo vyacu twenyene.

Imana yipfuzaga yuko tuyegera kugirango idukomeze maze dushobore guhagarara dushikamye igihe cose dushikiwe n'ibitugerageza. Ishaka ko tunezerwa tukabumbwa no kuba muri yo, n'igihe ivyo turimwo bitaryoshe (Nehemiya 8:10).

Nk'uko amabuye y'agaciro (diamants) ahingurwa bayacishije mu muriro, ni ko n'Imana ikoresha ibihe bigoye kugirango bidufashe kuguma duciye bugufi, mu guhingura kamere zacu, mu kudukubura ngo duse na yo ... no mu kudutegurira ivyiza itubikiye.

AMAGERAGEZWA AKUZA UKWIZIGIRA IMANA KWACU

Kwizigira Imana birabohora cane. Iyo ibintu bitariko bigenda uko twabishaka, aho gushavura canke kutubuza amahoro, dukwiye kwizigira yuko Imana idufitiye umugambi mwiza kurusha uwo twari dufise, kandi ko izozungurutsa ibintu kugirango bituzanire ivyiza (Abaroma 8:28).

Birahambaye gutahura ivyo, kuko rimwe na rimwe, iyo dufise ibibazo, turashobora kwumva dushavuriye Imana, canke abandi bantu tubona bariko barahazagira. Turashobora kwiremesha twiyemera tuti: “Jeho kuki? Ndabarusha kuba umukristo mwiza! Nanje nari nkwiye kuronka iyo migisha!”

Kumbure wari witeze akarusho mu kazi, ariko ukabona karonse uwundi. *None uca ukora ik i?*

Ushobora kwumva bigushavuje, uhemukiwe, kandi bikagukomeretsa mu buzima bwawe bw’impwemu. Canke ukizigira Imana, ukavuga uti: “Māna, namba aha ariho unshaka muri kino gihe, nzokorera umukoresha wanje nezerewe. Kandi nzi yuko namba hari ikindi kibanza ushaka kunshiramwo, ushoboye kubikora, mu gihe ubona ko gikwiye kuri jewe.”

Imana iraturusha ubwenge n’ubuhinga! Rimwe na rimwe iratwima ivyo dushaka kuko hari ikindi idushakira— ikindi ciza kurusha ivyo twiyumvira vyose.

Akatari gake, Imana yarandekeye mu bihe mbona ko “bigoye”. Hari igihe vyabaye ibigoye cane, cane- cane igihe nabona abandi bantu baroranirwa vyihuse jewe - kandi turiko dukora bimwe.

Ariko natahuye ko - iyo Imana indetse ngo nce mu nzira nk’iyo - bimfasha gutahura ibishikira abandi, kandi bigatuma nshobora kubafasha nanje.

Iyo ntaba naraciye mu bihe bigoye vy’ubuzima bwanje - ivyo

Imana yakoresheje kugira imfashe gukura no guhinduka - simba nshobora kugirira ikimazi abantu mfasha uno musu!

Imana ntiyigeze idusezeranira ubuzima butagira ingorane, ariko yasezeranye ko itazokwigera ibidutererana canke ngo iduhebe (Abaheb.13:5). Mu bihe bigoye, turashobora kuremeshwa no kwibuka ko idukunda cane kandi ifise umugambi wo kudufasha.

IMANA IRI KUMWE NAWU MU VYO UCAMWO VYOSE

Nshaka kugutera intege kwizigira Imana mu bigize ubuzima bwawe vyose. Igihe uriko uca mu bihuhusi ni ho nyene ukwiye gukomeza kuyizigira, utisunze ivyo wiyumvira n'ingene wiyumva, ivyo woba uriko uracamwo vyose.

Kandi niwizigira Imana muri ivyo vyose, izoguha ikintu gihoraho - izoguha kuyimenya kurusha uko wari uyizi.

Woba uriko uraca mu gihe kigoye uno musu? Woba usugerejwe n'imibabaro? Namba ari ko biri, ndagutera intege gufata akanya usenge ubu nyene, uti:

"Mwami, ndagushimiye ko uri kumwe nanje imisi yose - mu bihe vyiza, mbere no mu gihe ubuzima bugoye. Ndakwinginze, nshobora kukwegera mu bihe ntakibona intumbero y'ubuzima. Ndakwizigiye kandi ndazi yuko utuma vyose bifataniriza hamwe kunzanira ivyiza. Ndabisavye mw'izina rya Yesu. Amen "

Wibuke ko igihuhusi uriko ucamwo ubu kitazokwamaho. Iyo nciye mu gihe kigoye, ndakunda kwiyibutsa nti: "N'ibi na vyo bizoteba birangire!" Ukirindiriyeye, hitamwo gushira ivyizigiro vyawe mu Mana maze uyemerere kuguha umunezero hagati muri ivyo bikugerageza.

Ni vyiza kandi gushinga imizi mw'ijambo ry'Imana akaba ari ho ukura indemeshanyo, mu mirongo nka Yesaya 41:10: Imana

ivuga iti: “ntutinye, kuko ndi kumwe nawe; ntukihebure, kuko ndi Imana yawe. Nzogukomeza, nzogutabara (...)”

Uko igeragezwa urimwo ryoba rimeze kwose, ndagutera intege kwumira ku vyizigiro vyawe no kudaheba. Fata ingingo yo kugumana umutima utekanye no gukomeza kwizigira Imana. Yesu ari kumwe nawe mu gihuhusi ico ari co cose, kandi uzobirengana wakomeye kurusha uko wahora.

Ihindura Vyose Ikabigira Bishasha

Iyo umuntu yumvise yuzuye umubabaro no kwihebura, kwibuka ingene Imana yadutabaye mu bihe twarenganye birashobora kudufasha cane. Biranatera intege kwibuka ubwizigirwa bwayo mu buzima bw'abandi-abantu nka wewe nanje bari ahantu bakeneye cane ugutabara kwayo.

Uramaze kubona muri Bibiliya, abantu bose Imana yahaye intango nshasha?

Mose yari umugabo akuze igihe Imana yamuhamagarira kurōngōra abantu bayo, aho yavuganira nawe mu gisaka caka umuriro. Gushika aho yari amaze imyaka 40 yinyegeje mu bugaragwa! Ntaco yari azi ku mugambi Imana ifitiye ubuzima bwiwe. (Kuvayo 1-4.)

Dawidi yari umwungere aciyе bugufi - umengo nta gaciro afise, atagira iyo ava! Umuntu atawokwiyumviriye ko yohinduka umwami wa Isirayeli! Ariko Imana yaramukoresheje mu kurōngōra ihanga ryayo. (Samweli 16.)

Petero, ya ntumwa yihakana Kristo, yarababariwe maze ahamagarirwa kumara ubuzima bwiwe bwose avuga ubutumwa ngo aheshe Imana icubahiro. (Luka 22:54-62; Yoh. 21; Ivyak. 3)

Na **Pawulo**, umwe yahama abakristo bambere, yahindutse ari mu nzira ija i Damasiko maze arahava aba ari we yandika igice kinini c'Isazerano rishasha! (Ivyak. 9:1-22.)

Iyo wiyumviriye abantu bose bavugwa mu Vyanditswe vyera Imana yababariye, ikabahindura maze ikabakoresha ibikomeye,

ni gute wokekeranya ko itobigukorera nawe?

Imana yacu ni Imana y'Ivyizigiro. Ni Imana y'intango nshasha, itanga akandi karyo, n'akandi n'akandi ... nta karimbi kariho ku gitigiri c'intango nshasha ishobora kuguha.

GUHITAMWO GUSHIRA IMBERE IVYZIGIRO

Uribuka, ivyizigiro nico kintu kizirika imitima yacu. Igihe mu buzima utabona iyo uja ukisanga ataco ufise wokora, aho ni ho ivyizigiro biseruka - kugira bitwibutse ko tugire turonke intango nshasha! Igihe umengo abandi bose bariko barahazagirwa, mu gihe twumva turushe mbere twumva twobivamwo, ivyizigiro ni vyo bihembura imitima yacu, bikadufasha kwumira ku masezerano y'Imana.

Tubisubiremwo: ivyizigiro ni umutima wo kurindira wizigiye uwo witeze.

Ni ukugumana ivyiyumviro vyiza, ukitegana umunezero iciza gihava kivamwo.

Ivyizigiro nyakuri si hamwe umuntu avuga ati "nta kundi, reka turindire turabe ingene bigenda" ... Ivyizigiro ni ukwizera neza ko ivyo Imana yasezeranye vyose, izobikora. Imana yama irondera akaryo ko kwereka abana bayo ukugira neza kwayo, kandi ishaka ko tuvuyitegana igishika!

1 Ab'i Tesalonike 5:8 herekana ivyizigiro nk'inkofero. Ivyo twiyumvira rero bitegerezwa kuba bihambaye! Uko twiyumva n'ivyo twitega ni vyo bitangurira ivyiyumviro twiyumvira, n'amajambo tuvuga.

Ndabatera intege gusuzuma ivyiyumviro vyanyu n'amajambo muvuga mu ntango y'umusi, ku musi ku musi. Ucikangura mu gitondo, ntiwishinge ivyiyumviro nk'ibi: "Ah, niteguriye guhangana n'uwundi musi."

Ahubwo, iyumvire ivyiza Imana ihava igukorera. Lyumvire kandi wature amajambo nka:

Mana, ndagushimiye uwu musu! Ndazi ko unkunda kandi umfitiye umugambi mwiza uno musu. Ntari kumwe nawe ntaco nshobora, ariko muri Kristo, ndashobora gukora ivyo nkeneye gukora vyose. Nja kugira umutima utekanye n'ivyiyumviro vyiza.

Hanyuma, uce witega intango nshasha yawe. Vuga uti: "Uyu ushobora kuba ari wo musu nari niteze!"

Namba dushaka kubaho ubuzima bwitega ivyiza, bwuzuye ivyizigiro, dutegerezwa guhakana kwisunga uko twiyumva. Kandi iyo iviyumviro n'ibigumbagumba bibi bije, ariko tukanka kubiha ikibanza no kubigaburira, bazoruhira gupfa!

Kubw'ivyo, ntukagwe mu mutego wo kurindira ko wiyumvamwo ivyizigiro, ahubwo hitamwo kuba umuntu yuzuye ivyizigiro. Iyo wifatiye ingingo yo kwiyumvira iviyumviro vyiza vyuzuye ukwizera uwo musu wose, n'ibigumbaguma vyawe biruhira gukurikira ingingo wafashe!

VA MW'IHEMA RYAWE

Haraheze imyaka myinshi, nabajije Umwami Imana nti:

"Ni kubera iki ata kintu c'igitangaza canke kidasanzwe giherutse kuba mu buzima bwanje?" nca numva ijwi ry'Imana mu mutima wanjye rimbwira riti: "Joyce, ndabandanya kubikora igihe cose... ariko ni uko wabimenyereye!" Imana ishaka yuko twama dutangarira ukugira neza kwayo mu buzima bwacu. Ko dushira umutima wacu ku vyiza idukorera. Kubera iki? Kuko nitwama dutangarira ukugira neza kwayo, ntituzigera dutakaza ivyizigiro! Reka turabire hamwe inkuru ya Aburahamu ...

Imana yari yarahezagije Aburahamu ibintu vyinshi. Ariko hariho ikintu kimwe be n'umugore wiwe Sara batari bafise: umwana.

Aburahamu aravuga ati: *“Mwami Uhoraho, uzompa iki ko ngiye gupfa ata kana nsize, kandi uwuzotorana urugo rwanje akaba ari Eliyezeri umunyadamasiko?”*

Imana imuvana mw’ihema, imusohokana hanze ku muco w’inyenyeri, iramubwira iti: “Rangamiza, urabe mw’ijuru, uharure inyenyeri, namba woshobora kuziharura? Uko ni ko uruyaro rwawe ruzongana!” (Ita. 15:2, 5).

Ibihe Aburahamu yarimwo vyo kutagira umwana vyasa naho bitoba bigihinduka, ariko Imana imusohokana hanze imuvana mw’ihema kugirango imutangaze yongere imwibutse yuko ari Imana ishobora gukora ibidashobokera abantu.

Ndibaza yuko rimwe na rimwe tumara umwanya urenze *“mw’ihema ryacu”*, tukaguma duhanze amaso ingorane zacu. Ni co gituma Bibiliya itubwira gukura amaso ku bisamaza vya buno bugingo ariko dutumbere Yesu wenyene, wewe hejuru yo kuba inyanduruko yo kwizera yongera akagushitsa muri twebwe (Abaheburayo 12:2).

Igihe cose duhisemwo gusenga, tugasoma ijambo riwe canke mbere tugafata umwanya wo kurimbura ku bintu Imana imaze gukora no kudukorera, duca dusubiramwo ivyizigiro

Kandi, nk’uko Aburahamu na we yabimukoreye, duca dushika ahantu twiyumvira tuti: *“Ahwi, kumbure nanje yobinkorera!”* Iyo ibihe bibaye ibigumye noneho ukiumva ucitse intege, haba hageze ko usohoka ukava mw’ihema ryawe kugirango ubone ivyo Imana ishaka kukubwira. Uzobona yuko ata kindi yari irindiriyeye atari ukugutangaza!

IZOGUSHUMBUSHA INCURO ZIBIRI

Niwaba umeze nkanje, wosanga bikworohera kugira ivyizigiro ku bibazo vy’uwundi muntu. Muri make, ntibinsaba ibintu bihambaye kubona yuko hakiriho ivyizigiro mu bihe vy’abandi,

kandi nkabatera intege n'amajambo bene aya: "Humura, biragenda neza, wewe niwizigire Imana gusa!"

Yamara iyo ivyo bihe bishitse kuri twebw na ho? Aho ni ibindi! Iyo tugwaye canke tugahura no kunanirwa n'ibintu kanaka, biratworohera cane guha ikibanza ivyiyumviro bene ibi: "Nta kundi, karabaye! Ntaco noba ngikiza."

Yamara nturacerwa! Nta na rimwe biba bitagikunda kwivyukiranya iyo turi muri Kristo Yesu. Ivyarenganye si yo maherezo yawe. Hamwe wokwumira ku vyizigiro ukemerera Mpwemu Yera ngo akurongore, Imana izokugarukanira ivyo watakaje, kandi yongere itume ubuzima bwawe buba bwiza kurushiriza.

Ndakunda cane amajambo ari muri Yoweli 2:25-26. Niwasoma, ico gisomwa ukizigame mu mutima wawe. Ayo majambo uyakire nk'ayawe uyu musu.

"Kandi nzobashumbusha iyo myaka mwamaze inzige zisanganyuye ivyanyu, zimwe zararaye n'izitaragurika n'iziyigiza n'izikegeta, ni zo za ngabo zanje nabagomoreye ngo zibatere. Kandi muzorya, mute akabi, muhimbaze izina ryanje, jewe Uhoraho Imana yanyu, nabakoreye ibitangaza: kandi abantu banje ntibazongera kumaramara."

Mutangoy'ubuzima bwanje nk'umuntu akuze, nari narishizemwo ko kuba narahohotewe nkiri muto vyonyonye ubuzima bwanje ubutakigaruka. Nabona yuko ntazigera mera nk'abandi bantu canke ngo mbe umuntu muzima nk'abandi.

Ariko vyose bishobokera Imana! Aho twebw tubona inzira zitabandanya, yoyo ihabona intango nshasha. Ishaka gufata ububabare bwacu bwo muri kahise ntibudukize gusa, ahubwo idusubize ibirengeye ivyo twari kuronka ubwambere!

Reka dusomere hamwe Yesaya 61:7: *"Kubw'ukumaramara*

kwanyu muzoshumbushwa kabiri, mugire umunezero utazoshira.”

Nkunda kuvuga yuko iyo umuntu ari kumwe n’Imana, ibintu vyambere iyo bipfuye, yoyo yama ifise iyindi nteguro - nziza kurusha iyambere! Uhoraho ni Imana inagura igatanga intango nshasha. Niwayiha akaryo ngo ikore, ntizogucira iyindi nzira gusa...

Izogushumbusha incuro zibiri! Kandi bizokwama biba vyiza kurusha uko wavyiyumvira.

- IGICE CA 6 -

Uko Worangamiza Hejuru Iyo Ucitse Intege

Mu buzima, twese turaca mu bihe twiyumva ducitse intege ... ariko ntidushobora kwemerera ivyo bihe ko biganza ibigumbagumba vyacu.

Satani yama arondera kwuzuzwa imitwe yacu ivyiyumviro bibi. Ashaka kutunyaga umunezero wacu mu kuduca intege no mu kudushira hasi mu bigumbagumba, mu mpwemu, mu kudutera ubukene n'ubundi buryo butandukanye.

Ariko Yesu yama hafi yacu ngo adutere intege, kandi yazanywe no kuduhagurutsa! Yaje ngo turonke ubutungane, amahoro n'umunezero. Ashaka kutwuzuzwa ivyizigiro hamwe n'ukwitaga ivyiza biri imbere yacu.

Twese biradushikira gushavura no kwihebura imbere y'imigambi canke indoto itaraja mu ngiro. Iyo ibintu bibaye uko tutari tuyiteze, ni ibisanzwe yuko umuntu yiyumva acitse intege canke adendebukiwe.

Ariko dutegerezwa kwiyubara uko dufata mu minwe bene ivyo bigumbagumba, kuko, iyo tugumye muri izo mbobane igihe kirekire, bishobora gushikana umuntu aho ata umutwe.

Zaburi 30:5 itubwira yuko ... *Ukurira kworarira umuntu mw'ijoro, ariko mu gitondo impundu zikavuga.*

Ibintu birashobora kutubabaza igihe kanaka, ariko ntidutegerezwa kuguma muri uwo mubabaro. Ahandi ho, umwansi yoca yikika mu

kiza akaronka inzira ishika kure mu buzima bwacu, akadukwegera ibibi birushirije.

Ku rundi ruhande, hamwe n’Imana, iyo duhuye n’ibitunaniza mu buzima, twama dufise akaryo ko guhitamwo kwongera guhaguruka. Turashobora guhindukiriza amaso ku Mana kugirango idusubizemwo ivyizigiro n’inkomezi - ngo tubandanye.

IYUBARE IBIGUMBAGUMBA VYAWE

Namba umaze guta umutwe, urazi yuko ari ibintu vy’ukuri bibaho. Ivyo bituma twiyumva twakumiriwe, turi twenyene ahantu ata ivyizigiro dufise...nk’aho impande zacu zose ibintu bicika.

Ndazi ko guta umutwe gushobora kuba ari ingaruka y’ibintu vyahungabanye mu mutwe canke mu bigize ubwonko bw’umuntu, kandi sindiko ndondera kubihakana. Rimwe na rimwe Uhoraho ararongorera umuntu ku muganga yabikurikiranye canke ku muhinga yize bene izo ngwara zo mu mutwe no mu bigumbagumba kugirango amufashe gutora imizi y’iyo ngwara.

Ndemera ko ubumenyi bwo kuvura ingwara buva ku Mana kandi yuko Imana ikoresha abaganga mu gutorera inyishu ingorane zacu.

Ariko, ku bantu benshi, uguta umutwe kurashobora kuba ingorane y’impwemu. Murabona, Satani arikika mu guta umutwe kugirango umuntu amunyage ubushobozi bw’impwemu n’ukwidegemvya - yama agavye ngo yuzuze impwemu zacu umuzimagiza n’agahinda no gucuranguza ibigumbagumba vyacu.

Ariko Imana yipfuzza kudufasha ngo ntidute umutwe. Igomba kutwuzuzaza umunezero, ivyizigiro vyayo no kwama twiteze yuko ivyiza bituzako. Kugirango dukorane na yo, dutegerezwa kwiga kutabaho uko ibigumbagumba vyacu bimeze canke uko twiyumva.

Nkunda kuvuga ko ibigumbagumba vyacu ari bimwe mu bansi bacu bahambaye. Biroroshe cane gutwarwa n’ingene twiyumva, ariko dukwiye gutahura yuko ibigumbagumba vyacu ari ivy’akanya gato - yuko bihindagurika ku musi ku musi!

Ivyiyumviro vyacu hamwe n’uko twiyumva akenshi birahushana n’uko Imana ivuga, ni co gituma tudakwiye kwama tubukurikira.

Imyaka myinshi cane, nabayeho ibihe vyo guta umutwe ku musi ku musi. Navyuka mu gatondo n’akajwi mu mutwe kambwira uku: “Numva nataye umutwe”. Niyumvira ko ari iviyumviro vyanje ubwanje, simenye yuko ari umwansi ariko arampenda.

Mu nyuma, imigenderanire yanje n’Imana imaze gukura cane, ngatangura kwiga ijambo ryayo ndarishizeko umutima, naratahuye yuko ntari nkwiye gukurikira. Ibigumbagumba n’ivyiyumviro vyose uko bije. Natanguye kuvuga n’ijwi rirenga nti: “Sinzocika intege canke ngo nte umutwe!”

Tuzokwama tuba ahantu twiyumva ugutandukanye - kandi ivyo bigumbagumba ntibizotuvamwo. Ariko dutegerezwa guhitamwo kutabiha akanya ngo bituganze.

RIMBURA IVYIYUMVIRO VYAWU

Uburyo dufata mu minwe iviyumviro vyacu bugira uruhara rudasanze mu kurengera gucika intege no guta umutwe. Wari uzi yuko uburemere bw’ivyiyumviro vyawe bufise ubushobozi bwo guhindura ibice vyose vy’ubuzima bwawe?

Imigani 23:7 hatubwira hati: *“Uko umuntu yiyumvira mu mutima ni ko ameze.”*

Ivyiyumviro vyacu bifise ubushobozi! Iyo duhisemwo kumara umwanya munini twiyumvira ku bitagenda neza mu buzima bwacu canke ku bintu bibi vyadushikiye, ivyo bidushikana ku gucika intege no guta umutwe.

Haraheze imyaka myinshi, naragwanije kanseri yo mw'ibere, kandi vy'ukuri ico gihe cabaye igipimo kidasanzwe kuri jewe. Nari nzi yuko nshobora gutembagara hamwe nokwemerera impwemu yanje guhengamira ku bibi.

Imana ica ishira ku mutima wanje aya majambo akurikira ngo ndayiyumvireko, ...hanyuma ngume ndayasoma n'ijwi ryumvikana, incuro nyinshi zishoboka. Nuko nca ntangura kwiyumvira no kuvuga nti:

“Mana, ndazi yuko unkunda. Ndazi ko vyose bifataniriza hamwe kutuzanira ivyiza, abahamagawe nk’uko wabigabiye. Ivyizigiro vyanje ndabishize muri wewe kandi sinzotinya” (Abaroma 8:28, 35-39; Yoswa 1:9; Imigani 3:5).

Uko uzomara umwanya urimbura kw'ijambo ry'Imana, ni ko rizokwinjira mu buzima bwawe maze riguhindure.

Abaheburayo 4:12 hatubwira yuko ijambo ry'Imana ari rizima kandi rifise ububasha. Rirafise ububasha bwo guhindura uburyo ubona ibintu, mbere n'ingene ubona kazoza kawe.

Uzuza ivyiyumviro vyawe ivyo Imana ivuga ku ngorane yawe, hanyuma wature amasezerano yayo nk'ayawe - ivyo bizoguha ivyizigiro vyongere bikomeze ukwizera kwawe.

IMFASHANYO YA BIBILIYA KU VY'UGUTA UMUTWE

Nk'uko namaze kubivuga, rimwe na rimwe uguta umutwe aba ari ingaruka y'ingorane y'umubiri canke ivyagoranye mu bigize umuntu uko aremwe, kandi ndashigikiye yuko twemerera abaganga ko badufasha. Ariko n'iyu ngiye kuraba muganga, niyumvira yuko na ho nyene nkwiye kuhagabira ivyizigiro vyanje nkabishira mu Mana, yo muganga wacu mukuru.

Naho biri ukwo, uguta umutwe usanga kenshi ari urugamba rw'impwemu...kandi bibiliya iraduha uburyo bwiza bwo kugwana!

Yesaya 61:3 hatubwira *kwambara umwambaro wo guhimbaza mu gishingo c'umutima uhondobereye.*

Kumbure ntitwamana inyota yo guhimbaza Imana. Ariko iyo dufashe akanya gatoya ngo tuvugane n'Imana tuyishimire ukugira neza kwayo, ni kimwe mu bigwanishwa bikomeye cane dufise mu kugwanya ukwihebura no guta umutwe.

Tuba duhamagaye ubwiza bw'Imana mu vyo turimwo, na vyo bidusubizamwo inkomezi, bikatuzanira amahoro n'umunezero. Ab'i Filipi 4:4 havuga ngo: *"Mwame munezerwa mu Mwami wacu imisi yose, ndabivuze ubugira kandi, nimunezerwe!"*

Guhimbaza Imana mu mibabaro yacu ni co kintu ciza dushobora gukora. Kubera iki? kuko iyo duhisemwo gushira imitima yacu ku Mana tukanezererwa ivyiza yakoze, tuba twemeje ko iri hejuru y'ingorane zacu.

Imana ni nziza, naho twoba mu bihe bigoye. Ni yo nkomoko y'umunezero wacu, kandi turashobora kuyihungirako iyo tuyikeneye.

Ivyo binyibukije Zaburi 16:11: *"Uzondangira inzira y'ubugingo: mu nyonga hawe ni ho hari akanyamuneza kuzuye; mu kuboko kwawe kw'i buryo hahora ibihimbaye ibihe bidashira."*

Iyo dutazira Imana, tuba duhamagaye ubwiza bwayo mu buzima bwacu. Ahari ugucika intege n'agahinda muri twebwe ikahasubiriza umunezero n'amahoro vyayo...mu kuduha ivyizigiro no mu gushiraho bishasha mu vyo twarimwo.

Si igihe cose dushobora guhindura ibihe tuba turimwo...ariko ubwiza bw'Imana buraduhindura, twebwe! Ivyiyumviro vyacu, ibigumbagumba vyacu, mbere n'uko tubona ibintu.

REKA IMANA ITWARE UBWO BUBABARE BWAVE

Muri buno bugingo, ntibishoboka yuko tutokwigera duhura n'imibabaro canke uguhemukirwa, ariko ntidukwiye kureka ngo *ejo hacu* hononwe n'ibiduhanze *uyu musi*.

Dufise uguhitamwo. Turashobora kunyuranya ibintu. Yamara kugirango ivyo bishobokeye, dutegerezwa kureka ivyo bintu biduca intege, maze tugatera intambuko twerekeza ivyiza Imana yaduteguriye.

Ndakunda cane 1 Petero 5:9, hatubwira "*kugwanya wa mubi...*" Ni nkenerwa cane ko tugwanya ivyiyumviro biduca intege kandi bidutesha umutwe tukivyumvise bitujemwo, kuko uko bimara akanya bikamara gufata icicaro, ni ko bitugora kubigwanya.

Iri ryungane haheze imyaka myinshi ndarivuga: Satani niwamwima akaryo ko kugusamaza, ntazoshobora *kugukandamiza* - kandi ni yo atashobora *kugukandamiza*, ntazoshobora *kugutesha umutwe!*

Ikindi gihe niwasubira kwisanga mu bintu bigushira hasi, uzoce ufata ingingo yo guhindukirira Mpwemu Yera kandi umwemerere akwuzuye ivyizigiro. Hitamwo kwizera ivyo Imana ivuga, aho kwizera ibigumbagumba vyawe. Ivyiyumviro vyawe hamwe n'amajambo yawe vyuzuremwo ivyiza birimwo ivyizigiro, biva mw'ijambo ry'Imana.

Ntiwemere ko ugucika intege no guta umutwe biganza ubuzima bwawe. Iyo ibintu bisa n'ibigumye, reka Imana nyene ivyizigiro igukomeze kandi igutere intege.

Kuko ivyo wocamwo vyose, Imana iriteguye kugutabara. Ishaka kwakira ubwo bubabare urimwo ibusubirize n'ikintu gihambaye.

INDUNDURO

Woba Uriko Uraca Mu Bihe Bigoye?

Niwaba uriko uraca mu bihe bigoye, nshaka kukwibutsa yuko Imana igukunda. Ivyo uriko uracamwo irabibona, iri kumwe nawe kandi ishaka kugufasha.

Zaburi 34:18 havuga hati: *“Uhoraho aba hafi y’abafise imitima imenetse, kandi akiza abafise imitima ijanjaguritse.”* Iyo tubabazwa, Imana ibabarana natwe.

Kumbure uyu musu woba uhanganye n’ibintu bisa n’ibidashoboka. Ariko nshaka kukubwira yuko Imana ishobora guhindura ibintu vyose. Irashobora gufata iyo ngorane yawe ikayihinduramwo ikintu ciza.

Niwaba uriko uca mu bintu bigoye canke ukaba wumva ugeze ahantu warengewe, ndaguteye intege ufate akanya hanyuma usenge iri sengesho uti:

“Data, ndagukeneye. Ndazi yuko unkunda kandi yuko ubona neza ivyo ndiko ndacamwo ...kandi uko biri kwose, mpisemwo kwizera ijambo ryawe. Ivyo ndiko ndacamwo vyose, nizigiye wewe ngo untabare.

Ndakeneye inkomezi zawe kugirango nshobore guhangana n’ibi bisa n’ibindengeye muri aka kanya. Mfasha kugumiza amaso yanje kuri wewe. Ndakwingize, unyereke yuko uri kumwe nanje ... kandi untere intege ngo mbandanye urugendo nsigaje. Mfasha kugirango nongere kwumva urukundo rwawe n’ubwiza bwawe hafi yanje. Ndakwishikaniye wese. Mw’izina rya Yesu, Amen ”

Ndaguteye intege kandi gusoma ibi Vyanditswe Vyera bikurikira. Nokubwira nk’ivyo nabonye mu buzima bwanje ko ijambo ry’Imana rizohindura ubuzima bwawe - uburyo wiyumvira, uko

ufata mu minwe ibigumbagumba...mbere n'uko wiyumvira kazoza kawe.

Ndakunda cane amajambo yo muri Yeremiya 29:11. Uwo murongo utubwira yuko Imana ifise imigambi myiza kuri kazoza kawe - ivyiyumviro vy'amahoro...ivyiyumviro vyo kugusubizamwo ivyizigiro.

Wame wibuka ko Imana iri mu ruhande rwawe. Ni Imana y'ibidashobokera abantu ... *ni Imana ishobora gukora igitangaza mu bihe ivyo ari vyo vyose.*

IMANA IRAGUKUNDA

"Naragukunze urukundo rudashira: ni co gituma nkwiyegezanya imbabazi." **Yeremiya 31:3**

Kuko imisozi izovaho n'uturambi tugakurwaho, ariko ubuntu bwanje ntibuzokuvako kandi n'isezerano ry'amahoro nagusezeraniye ntirizokurwaho, ni jewe Uhoraho ndakugirira ikigongwe ndabivuze. **Yesaya 54:10**

Uharura iminiho yanje: ushire amosozi yanje mw'icupa ryawe; mbega ntiyanditswe mu gitabu cawe? **Zaburi 56:8**

Ntarakubumbira mu nda nari ndakuzi, kandi utarava muri yo nari narakurobanuye... **Yeremiya 1:5**

IMANA IZOGUFASHA

"Ntutinye, kuko ndi kumwe nawe; ntukihebure, kuko ndi imana yawe. Nzogukomezwa, nzogutabara, mbere nzokuramira n'ukuboko kw'i buryo kw'ukugororoka kwanje." **Yesaya 41:10**

Mbere naho noca mu mwonga w'igitutu c'urupfu, sinzogira ikibi ntinya, kuko uri kumwe nanje... **Zaburi 23:4**

Narondeye Uhoraho, aranyitaba, ankiza ubwoba nari mfise bwose. **Zaburi 34:4**

Niwaca mu mazi, nzoba ndi kumwe nawe; no mu nzuzi, ntizizokurengera; niwaca mu muriro ntuzosha, kandi n'urubeya ntiruzoguturira. **Yesaya 43:2**

IMANA NI YO VYIZIGIRO VYAWAWE

Kuko nzi iviyumviro ndabiyumvirako, ni jewe uhoraho ndabivuze, ko ari iviyumviro vy'amahoro atari ivy'ivyago, kugirango ndabahe ivyizigiro vyo mw'iherezo ryanyu. **Yeremiya 29:11**

Kuko ubwayo yavuze iti: "ntaho nzoguhemukira, ntaho nzoguta. **Abaheburayo 13:5**

Ku mana vyose birashoboka. **Mutayo 19:26**

Ukorere uhoraho umutwaro wawe: nawe azokuramira...

Zaburi 55:22

Igihe cose ntinye, nzokwizigira. **Zaburi 56:3**

IMANA NI YO MUTABAZI WAWAWE N'INKOMEZI ZAWAWE

Akiza abafise imitima imenetse, apfuka inguma zabo.

Zaburi 147:3

Ni we aha inkomezi ABADENDEBUKIWE kandi uwutagira intege amwongeramwo inkomezi... Ariko abiteze Uhoraho [bakamushiramwo ivyizigiro vyabo] bazokwama biyubura mu nkomezi nshasha; bazodugisha amababa nk'ay'INKUKUMA. Biruke ntibaruhe, bagende ntibadendebukirwe.

Ishaya 40:29, 31

Nimuze kuri jewe mwese ABARUSHE N'ABAREMERWE, ndabaruhura [ndasubiza itoto imitima yanyu]. **Matayo 11:28**

Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, ni umufasha atabura guseruka mu magorwa. **Zaburi 46:1**

ISENGESHO RYO KWAKIRA AGAKIZA

Imana iragukunda kandi ishaka kugirana ubucuti nawe. Niwaba utarakira Yesu Kristo nk'umwami n'umukiza wawe, urashobora kubikora ubu nyene. Mwugururire umutima wawe maze usenge gutya:

“Data, ndazi ko nagucumuyeko. Ndakwinginze umbabarire. Unyuhagire. Mpisemwo kwizera Yesu, umwana wawe. Ndizeye yuko yapfuye kubwanje—yikoreye ivyaha vyanje igihe yapfa urupfu rwo ku musaraba. Ndizeye yuko yazutse mu bapfuye. Ubuzima bwanje ndabuhaye Yesu.

Data, ndakengurutse ingabire yawe y'ubugingo budashira. Ndakwinginze unshoboze kubaho ubuzima buguhimbara. Ndabisavye mw'izina rya Yesu, Amen.”

Niwaba wasenze bivuye mu mutima wawe, Imana yakwakiriye, yakwejeje kandi yakubohoye mu ngoyi z'urupfu. Urondere akanya ko gusoma no kurimbura kuri ibi vyanditswe vyera hanyuma usabe Imana ivugane nawe uko ugendana na yo muri uru rugendo rw'ubuzima bushasha utanguye.

Yohana 3:16

1 Ab'i Korinto 15:3-4

Abanyefeso 1:4

Abanyefeso 2:8-9

1 Yohana 1:9

1 Yohana 4:14-15

1 Yohana 5:1

1 Yohana 5:12-13

Senga usabe Imana ikurongore mu gutora ishengeru ryizera Bibiliya kugirango uterwe intege mu gukura mu migenderanire yawe na Kristo. Imana yama iri kumwe nawe. Izokurongora ku musu ku musu maze ikwereke ingene ubaho ubuzima bunengesereye yaguteguriye!

joycemeyer.org/KnowJesus

JOYCE MEYER MINISTRIES

Joyce Meyer ni umwanditsi abifisemwo uburambe akaba umwigisha wa Bibiliya yamenyekanye kw'isi yose. Mu gutwenzwa, no mu mvugo irashe kandi idafobetse, avuga ku bintu vyo mu buzima bwa misi yose yisunze Bibiliya - mu buryo burimwo ishaka, bunyura kandi bw'ukuri.

Yaranditse ibitabu birenga 125 kandi bimaze guhindurwa mu ndimi zirenga 150. Joyce kandi agirisha ibikorane vy'inyigisho birenga 15 mu mwaka kandi araremesha ikiganiro ku mboneshakure no ku nsamirizi, citwa *Enjoying Everyday Life (Vivre Pleine ment Sa Vie!)* cumvirizwa n'abantu bashika imiriyaridi 4,5.

Mu myaka yiwe y'ubuyabaga, Joyce Meyer yaramaze imyaka itari mike ahohoterwa mu gukoreshwa ivy'ubuhumbu. Imana yaramubohoye akira umururazi, ishavu n'urwanko maze mu gishingo c'ivyo imuha umunezero, icizere n'ubuzima bwiza. Uno musu yipfuzwa gufasha abandi. Haba urugamba yagwanye n'ingwara ya kanseri canke ingorane z'ubuzima bwa misi yose, avuga ivyo yacyemwo ataco ahisha, agatera intege benshi bariko baca mu bihe nk'ivyo.

Ushaka kumenya vyinshi woca kuri: [**joycemeyer.fr/joyce**](http://joycemeyer.fr/joyce)